

Plan sante ConnectorCare



Yon asirans ki bon kalite e ki pa koute twò chè grasa Health Connector

Plan ConnectorCare yo gen prim pou peye chak mwa ki koute \$0 oswa ki pa koute anpil, yo gen depans ak lajan ki soti nan pòch ou ki ba, epi yo pa gen franchiz.



Ki kalite asirans ou ka jwenn nan men ConnectorCare?

Plan ConnectorCare yo bay bon asirans ki ofri benefis ki enpòtan, tankou vizit kay doktè, medikaman sou preskripsyon ak swen ijans. **Plan ConnectorCare yo gen prim pou peye chak mwa ki pa koute anpil, yo gen ko-peman ki ba epi yo pa gen franchiz.** Epitou, ou ka gen posiblite jwenn kèk medikaman sou preskripsyon **san sa pa koute w anyen** pou yon seri pwoblèm sante kwonik tankou opresyon, kowonawopati (yon kalite maladi kè), dyabèt ak ipètansyon (tansyon ki wo).

Genyen diferan kalite plan ConnectorCare selon revni w yo. Tout plan yo ofri anba chak kalite plan yo gen menm benefis ak ko-peman pou sèvis ki kouvri yo. Ou kapab wè ko-peman pou diferan sèvis yo nan tablo ki nan paj ki vin apre a. Epitou, ou kapab wè egzanp sou prim ou gen pou peye chak mw a pou chak kalite plan.

Gen anpil gwo konpayi asirans nan Eta a ki ofri plan ConnectorCare. Plan chak konpayi asirans ofri a kapab gen diferan doktè oswa lopital nan rezo pwofesyonèl ak etablisman sante l lan. Anvan ou enskri, itilize zouti sou Entènèt nou an pou konnen si pwofesyonèl ak etablisman sante ou vle yo ak medikaman sou preskripsyon ou bezwen yo kouvri nan rezo plan an. W ap jwenn zouti sa yo sou:

PlanFinder.MAhealthconnector.org.

Kiyès ki ka kalifye pou yon plan ConnectorCare?

Moun ki rete nan yon fwaye kote revni a nan 500% nivo pòvrete federal la (Federal Poverty Level, FPL) oswa mwens yo gendwa kalifye pou ConnectorCare. Si revni w plis pase 500% FPL la (**Tablo 1**), ou pa p kalifye pou okenn plan ConnectorCare. Sepandan, ou ka toujou gen posiblite jwenn kredi taks k ap ede w peye mwens pou prim ou gen pou peye chak mwa a. Pou kalifye pou yon plan ConnectorCare, se pou w ranpli kondisyon ki vin apre yo:

- Ou rete Massachusetts
- Ou se yon sitwayen ameriken, yon rezidan Etazini oswa yon imigran ki prezan legalman nan peyi Etazini an
- Ou pa ka jwenn yon asirans konplè ou ka peye nan men anplwayè w (sa gen ladan l nenpòt plan ou pa enskri nan li a alòske yo ofri w li)
- Ou pa nan prizon
- Ou pa kalifye pou Medicare, MassHealth (Medicaid) oswa yon lòt pwogram asirans sante piblik

Tablo 1. Fwaye ak 500% FPL la

Kantite moun ki nan fwaye a	500% FPL la
1	\$75,300
2	\$102,200
3	\$129,100
4	\$156,000

Pou chak moun anplis ki nan fwaye a, ajoute \$25,700

Tablo 2. Kalite plan ak FPL

Kalite plan	Revni parapò ak FPL la
Kalite plan 1	0-100% FPL la
Kalite plan 2A	100.1-150% FPL la
Kalite plan 2B	150.1-100% FPL la
Kalite plan 3A	200.1-250% FPL la
Kalite plan 3B	250.1-300% FPL la
Kalite plan 3C	300.1-400% FPL la
Kalite plan 3D	400.1-500% FPL la

Ou gen kesyon?

Ale sou **MAhealthconnector.org** oswa rele nan **1-877-MA-ENROLL** (1-877-623-6765) oswa itilize sèvis TTY: 711.

Ki plan ConnectorCare ou ka kalifye pou li a?

Sa plan ConnectorCare yo koute varyab selon konpayi asirans sante a ak kalite plan an. Kalite plan ou kalifye pou li a depann de revni w yo. W ap jwenn diferan montan FPL pou kalite plan ConnectorCare yo nan **Tablo 2** sou lòt paj la.

Genyen diferan opsyon asirans ki disponib pou Amerendyen yo ak moun natifnatal Alaska yo. Amerendyen yo ak moun natifnatal Alaska yo ka kalifye pou peye mwens ak lajan ki soti nan pòch yo nan plan ConnectorCare yo ak nan lòt plan Health Connector yo. Ale sou MAhealthconnector.org pou jwenn plis enfòmasyon.

Tablo 3. Prim pou peye chak mwa ki pi ba nan plan ConnectorCare yo pou chak moun an 2025

Kalite plan	1	2A	2B	3A	3B	3C	3D
Plan ki koute mwens lan	\$0	\$0	\$51	\$99	\$147	\$226	\$264

Tablo 4. Benefis ak ko-peman ConnectorCare yo

Kalite plan	Kalite plan 1	Kalite plan 2A ak 2B	Kalite plan 3A, 3B, 3C ak 3D
Maksimòm lajan ki ka soti nan pòch ou pou swen medikal (yon sèl moun/fanmi an)	\$0	\$750/\$1,500	\$1,500/\$3,000
Maksimòm lajan ki ka soti nan pòch ou pou medikaman sou preskripsyon (yon sèl moun/fanmi an)	\$250/\$500	\$500/\$1,000	\$750/\$1,500
Swen prevantif/tès depistaj/vaksen	\$0	\$0	\$0
Vizit swen primè pou trete yon blesi oswa yon maladi (sof vizit woutin pou tibebe, swen prevantif ak radyografi)	\$0	\$0	\$0
Vizit kay espesyalis	\$0	\$18	\$22
Sèvis sante mantal/konpòtmantal ak sèvis pou abi sibstans san pasyan an pa entènè	\$0	\$0	\$0
Òtofonni reyabilitasyon	\$0	\$10	\$20
Ègoterapi reyabilitasyon ak fizyoterapi reyabilitasyon	\$0	\$10	\$20
Sèvis nan sal dijans	\$0	\$50	\$100
Swen nan sant swen rapid	\$0	\$18	\$22
Operasyon san pasyan an pa entènè	\$0	\$50	\$125
Tout sèvis lopital pandan pasyan an entènè (san wete sèvis sante mantal/konpòtmantal ak sèvis pou abi sibstans)	\$0	\$50	\$250
Imajri ki koute chè (eskàn CT/PET, MRI, elatriye)	\$0	\$30	\$60
Analiz nan laboratwa ak sèvis pwofesyonèl san pasyan an pa entènè	\$0	\$0	\$0
Radyografi ak imajri dyagnostik	\$0	\$0	\$0
Etablisman swen enfimye espesyalize	\$0	\$0	\$0
Medikaman sou preskripsyon nan famasi pou konsomatè yo:	Medikaman jenerik	\$0	\$10
	Medikaman mak prefere	\$0	\$20
	Medikaman mak ki pa prefere	\$0	\$40
	Medikaman espesyalize ki koute chè anpil	\$0	\$40

Jwenn yon èd gratis an pèsòn. Genyen anpil kote ou ka jwenn yon èd gratis an pèsòn pou aplike e pou enskri.

Tout moun ka jwenn èd, menmsi revni w yo pa ba. Si w vle jwenn yon lis ki bay kote ki ofri èd nan zòn ou rete a, ale sou

MAhealthconnector.org/here-to-help

ATTENTION: If you speak another language, there are free language assistance services available to you. Call 1-877-623-6765 (TTY: 711).



Massachusetts Health Connector respekte lwa federal ak lwa Eta sou dwa sivil ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon kont okenn moun akòz ras yo, koulè yo, peyi kote yo soti, sèks yo, laj yo, andikap yo, eta sante yo oswa pwoblèm sante yo, kalite lavi yo oswa kwayans relijye yo.